

Depi 1ye janvyè 2018, Konje Peye pou Fanmi kreye yon rikti pou ede anplwaye yo pran swen fanmi yo. Nou te wè konje peye ogmante moral nan espas travay la epi li ede anplwaye yo rete nan travay yo. Avantaj Konje Peye pou Fanmi New York la finanse ak kontribisyon anplwaye yo nan pewòl.

Konje Peye pou Fanmi bay konje peye ak pwoteksyon travay pou yon anplwaye kapab:

- **pase tan** ak yon tibebe ki fenk fèt, timoun yo fenk adopte, oswa timoun yo fenk resevwa nan fwaye dakèy,
- **pran swen** yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav, oswa
- **ede** pwòch yo lè yo gen yon fanmi nan militè ki al travay aletranje

KALIFIKASYON

Pifò anplwaye k ap travay nan Eta New York pou patwon prive yo kalifye pou yo pran Konje Peye pou Fanmi. Anplwayè piblik yo ka patisipe nan pwogram nan.

- **Anplwaye a Tan Plen** Anplwaye ki gen yon orè travay regilye 20 edtan oswa plis èdtan pa semèn yo kalifye apre 26 semèn travay youn apre lòt.
- **Anplwaye a Tan Pasyèl** Anplwaye travay yon orè regilye mwens pase 20 èdtan chak semèn, ou kalifye apre ou te travay 175 jou, epi li pa bezwen youn apre lòt.

Anplwaye yo kalifye kèlkeswa sitwayènte yo ak / oswa sityasyon yo ak imigrasyon.

DWA AK PWOTEKSYON

- Anplwaye ki kalifye yo pa bezwen fè anyen jiskaske yo pare pou pran konje. Anplwayè yo dwe pran pwoteksyon Konje Peye pou Fanmi pou anplwaye yo.
- Anplwaye yo gen **pwoteksyon travay**, ki asire yo ka retounen nan menm djòb la (oswa youn ki prèske menm jan an) lè yo retounen soti nan Konje Peye pou Fanmi.
- Anplwaye kapab kenbe **asirans sante** pandan yo nan konje a. Anplwaye ki kontribiye nan depans pou asirans sante yo dwe kontinye peye pòsyon pa yo a pandan yo nan konje a.
- Anplwayè yo **pa gen dwa fè diskriminasyon oswa pran vanjans kont** anplwaye yo paske yo mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi.

AVANTAJ

Yo pral entwodwi avantaj yo ti kras pa ti kras nan kat (4) tran. An 2018, anplwaye ap ka pran jiska wit (8) semèn Konje Peye pou Fanmi epi resevwa 50% salè mwayen pa semèn (average weekly wage, AWW) ak yon limit jiska 50% Salè Mwayen pa Semèn (Average Weekly Wage, SAWW) Eta New York la. AWW yon anplwaye se mwayèn wit (8) dènye semèn salè li avan li kòmanse Konje Peye pou Fanmi a. Yo mete SAWW a ajou chak ane.

EGZANP AVANTAJ KONJE PEYE POU FANMI POU ANE 2018		
Mwayèn salè pa semèn travayè a	Mwayèn salè pa semèn x 50% Limite a 50% Salè Mwayen Salè pa Semèn Eta New York la (\$652.96)	Avantaj PFL pa Semèn (2018)
\$600		\$300
\$1,000		\$500
\$2,000		\$652.96

AVANTAJ (kontinye)

Avantaj yo ap ogmante jiska 2021:

ANE	KANTITE SEMÈN KONJE	AVANTAJ
2018	8 semèn	50% nan AWW* anplwaye a,* jiska 50% nan SAWW**
2019	10 semèn	55% nan AWW* anplwaye a, jiska 55% nan SAWW**
2020	10 semèn	60% nan AWW* anplwaye a, jiska 60% nan SAWW**
2021	12 semèn	67% nan AWW* anplwaye a, jiska 67% nan SAWW**

*AWW — Mwayèn Salè pa Semèn

**SAWW - Mwayèn Salè pa Semèn Eta New York

KONTRIBISYON ANPLWAYE

Anplwaye yo peye pou avantaj sa yo nan yon ti dediksyon pewòl yo chak semèn, ki se yon pousantaj salè mwayen pa semèn yo jiska yon limit yo mete chak ane.

Kontribisyon sou pewòl 2018 la se 0.126% salè pa semèn yon anplwaye epi li gen yon limit maksimòm \$85.56 pa semèn. Anplwaye yo ki touche mwens pase Salè Mwayen pa semèn Eta New York la (\$ 1305.92 pa semèn), pral gen yon montan kontribisyon anyèl ki mwens pase limit \$ 85.56 la, ki koresponn ak salè chak semèn yo.

Pa egzanp, an 2018, si yon anplwaye ap touche \$27,000 nan yon ane (\$519 pa semèn), yo pral peye 65 santim pa semèn.

Pou estime dediksyon yon anplwaye, sèvi ak kalkilatris dediksyon pewòl nan ny.gov/PFLcalculator.

EGZANPSYON ANPLWAYE

Anplwaye yo ka sèlman chwazi pa patisipe nan Konje Peye pou Fanmi si yo pa swete travay pou patwon yo pou minimòm kantite tan ki nesèsè pou kalifye a.

Si yo satisfè kritè sa a, patwon dwe ofri yo yon Egzanpsyon pou Konje Peye pou Fanmi, ki disponib tou nan ny.gov/PaidFamilyLeave. Anplwayè yo ta dwe kenbe egzanpsyon ranpli yo nan dosye anplwaye a.

Si yon chanjman nan orè anplwaye a fè anplwaye a vin travay ase tan pou satisfè kondisyon pou kalifikasyon yo, egzanpsyon yo a ap anile otomatikman. Anplwaye yo kapab anile egzanpsyon yo a nenpòt ki lè si yo vle. Si yo anile egzanpsyon an, patwon yo ka kòmanse fè dediksyon sou pewòl yo epi yo ka kolekte dediksyon retwo-aktif depi nan dat anplwaye a te siyen egzanpsyon an.

PWOSIS DEMANN POU KONJE PEYE POU FANMI A

1. Anplwaye a dwe notifiye patwon li omwen 30 jou avan konje li pral kòmanse, si li ka prevwa li. Sinon, anplwaye a dwe notifiye patwon li pi vit posib.
2. Anplwaye a pral kontakte patwon li, konpayi asirans patwon a, oswa ale sou sitwèb ny.gov/PaidFamilyLeave pou jwenn pake fòm demann pou kalite konje li bezwen pran an.
3. Anplwaye a ranpli *Demann pou peye Fanmi Kite (Fòm PFL-1)*, suiv enstriksyon yo sou fèy kouvèti a. Anplwaye a fè yon kopi pou dosye yo epi soumèt li bay patwon yo. Patwon an dwe ranpli seksyon pa li nan *Fòm PFL-1* epi retounen li bay anplwaye a nan (3) twa jou travay. Si patwon an pa reponn, anplwaye a ka kontinye nan pwochen etap ki pi ba a.
4. Anplwaye a pral soumèt *Fòm PFL-1*, lòt fòm demann ki espesyalman pou konje y ap pran an, ak dokiman sipò bay konpayi asirans patwon yo. Anplwaye a ka soumèt demann li avan konje li kòmanse a oswa nan 30 jou apre li kòmanse konje li. Konpayi asirans lan dwe peye oswa refize demann li a nan 18 jou apre li resevwa demann konplè a.

LIS VERIFIKASYON POU PATWON YO: Kisa patwon yo dwe fè kounye a?

Asire konpayi ou an gen pwoteksyon Konje Peye pou Fanmi.

- Pifò patwon prive ki gen youn (1) oswa plizyè anplwaye oblije pran Konje Peye pou Fanmi. Kontakte koutye ou a oswa konpayi asirans pou enfòmasyon sou kontra ki disponib ansanm ak opsyon pou peye prim ou (egzanp, si ou ka peye de (2) fwa pa ane, oswa chak ane sou yon baz retwo-aktiv).
- Jeneralman yo ajoute asirans lan sou yon kontra asirans andikap ki te deja egziste.
- Si se ou k ap finanse pwòp asirans ou, ou ka achte yon Konje Peye pou Fanmi apa osa aplike nan Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York pou finanse pwòp asirans ou.
- Pou jwenn yon lis konpayi asirans ki ofri kontra Konje Peye pou Fanmi, ale nan seksyon Konje Peye pou Fanmi nan sitwèb Depatman Sèvis Finansyè a nan dfs.ny.gov/PFL.

Enfòmè anplwaye ou yo sou Konje Peye pou Fanmi.

- Mete ajou dokiman ekri apwopriye ou distribiye bay anplwaye ou yo, tankou tiliv anplwaye yo, pou yo gen enfòmasyon sou Konje Peye pou Fanmi.
- Si ou pa gen yon manyèl, bay enfòmasyon alekri bay anplwaye yo konsènan avantaj Konje Peye pou Fanmi yo.
- Egzanp langaj pou mete nan tiliv la oswa lòt enfòmasyon alekri disponib pou telechaje nan seksyon Anplwayè nan ny.gov/PaidFamilyLeave.

Prepare pou kontribisyon pewòl anplwaye

- Mete ajou pwosesis pewòl ou yo pou kolekte kontribisyon anplwaye ki peye pou asirans sa a.
- Nou rekòmande di anplwaye yo sa avan ou pran nenpòt kontribisyon. Yon egzanp notifikasyon an disponib nan seksyon patwon nan ny.gov/PaidFamilyLeave.
- Pou antaj kontribisyon anplwaye yo fikse chak ane pou koresponn ak pri asirans lan. Pou 2018, pousantaj kontribisyon sou pewòl 2018 la se 0.126% salè pa semèn yon anplwaye epi li gen yon limit maksimòm \$85.56 pa semèn. Anplwaye yo ki touche mwens pase Salè Mwayen pa semèn Eta New York la (\$ 1305.92 semèn), pral gen yon montan kontribisyon anyèl ki mwens pase limit \$ 85.56 la, ki koresponn ak salè chak semèn yo.
- Pou ede ou, yon kalkilatris dediksyon disponib nan ny.gov/PFLcalculator.

Enfòmè anplwaye ki kalifye yo sou egzanpsyon.

- Idantifye anplwaye ki pa satisfè kondisyon pou kalifye selon kantite tan yo travay, epi ofri yo opsyon pa patisipe nan pwoteksyon an.
- Bay anplwaye sa yo yon fòm egzanpsyon, ki disponib nan ny.gov/PaidFamilyLeave.
- Kenbe yon kopi tout egzanpsyon ranpli nan dosye ou.

Afiche yon avi pou anplwaye.

- Konpayi asirans ou ap ofri ou yon *Avi konfòmite (Fòm PFL-120)* ki rele tou "Avi bay Anplwaye" - ki deklare ou gen asirans pou Konje Peye pou Fanmi.
- Si ou finanse pwòp asirans ou, ou kapab jwenn avi sa a lè w kontakte Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York la nan certificates@wcb.ny.gov.
- Afiche epi ak kenbe avi sa a yon kote l ap fasil pou wè, menm jan ou afiche afich pou asirans konpansasyon travayè ak asirans pou andikap yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou ny.gov/PaidFamilyLeave oswa rele (844) 337-6303.

